ҲИКМЕТУЛЛА АЙЫМБЕТОВ

# ТЫҢЛАҢЫЗЛАР

*Қосықлар ҳәм поэмалар*

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БАСПАСЫ", 1981

www.ziyouz.com kutubxonasi



Ҳ. Айымбетов жас шайыр, оның қосықлары көп уақытлардан бери газета ҳәм журнал бетлеринде көринип жүр.

„Тыңлаўшылар" Ҳ. Айымбетовтың екинши китабы болып, онда адамгершилик, ар-намыс, мийнеткеш халқымыздың жеңислери, ана-жеримиздиң гөззал сулыўлығы жырланады.

А $\frac{4702250000-000}{М-357(04)-81}$ 95—81

©„Қарақалпақстан" баспасы, 1981.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИШКЕНЕ АЎЫЛДАН БАСЛАНСА ДАҒЫ . . .

Кишкене аўылдан басланса дағы,
Ўатан сезими жанды тербеген ўақта.
Әжайып көринер толқыған салы,
Августта шағырайып ашылған пахта.

Бәлент қырманлардың барсаң қасына,
Ана тәбият зер жалатып өткендей.
Ҳәтте Бөрши таўдың қара тасы да,
Дийхан меҳиринен ерип кеткендей.

Қумларға да көрик енер саўлатлы,
Қуйып өтсе апрельдиң селлери.
Қызылқумның әрманлары сыяқлы,
Ғыжлап жанған саҳраның гүллери.

Сәйир етсем дағы пүтин жер бетин,
Саған асығаман, мен сенлик инсан.
Шығысқа атлансам күнбатар бетим,
Батысқа атлансам күншығарымсаң!

## АТАДАН ҚАЛҒАН ТӨРТ ҚЫЙТАҚ ЖЕР

Ананың шийрин жанына,
Қәстелик жәбири батты.
Бурынғы қызықлары да,
Бийкардай көринип атты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңине ол баласын,
Қасына отырғызды да:
„Турагөр маған қарасып,“
деп зинҳар тапсырды жүдә.

—Әкеңнен қалған алтын бар,
Тапсырып кетейин соны.
Мәканын-жайын билип қал,
Келгенде өмиримниң соңы.

Ҳәзирше мени күте бер,
Қайырын көресең еле.
Кемисиң, жартың өтелер,
Дүзелерсең ҳәм келе-келе.

Күнлердиң күни келипти,
Ана төменлепти ҳәр күн.:
Соңғы сөзи бул болыпты
„Ишинде төрт қыйтақ жердиң. . .“

Соң жигит қарамай жайға,
Жең түрип киристи пәтли.
Аўдарып егип таслаўға,
Атадан қалған қыйтақты.

Бунысын халық көрипти,
Ҳәм депти жиберип зейин:
„Бул житит адам болыпты,
Анасы өлгеннен кейин.“

Майдалап өзи аўдарды,
Басқаға исенбей ҳасла.
Иследи сонша ғайбарлы,
Жолықты ағашқа, тасқа.

Ол гүзге дейин талпынды,
Мийнети кетпеди қуры.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйиниң алды-артында,
Алтын дән ырғалып турды.

Алтынын тапты ма соннан,
Ол жағын өзи биледи.
Сол жигит ҳәр бәҳәр, гүзде,
Қыйтағын атадан қалған
Аўдарады да жүреди.

## АНА МЕҲИРИ

Ҳәр бир қубылыстан излеймен мазмун,
Нени баянлайды сеслери саздың?
Биразын уқсам да, уқпадым базын,
Ал не деп турыпты тербелген таллар?

Бирақ та бир нәрсе уғымлы
таңдай,
Ол—ана меҳири, о, ана қандай!
Жаны бизиң көкирегимизде турғандай,
Биз дейип күлип ҳәм ойларға талар.

Шынында, өмирдиң мазмуны усы,
Адамзатқа керек жап ашыр киси.
Оңға басыў ушын идиралды иси,
Ананың меҳири ҳал-дәрман болар.

Екиленсе де сулыўлықтың бирине,
Инсан екиленбес ана меҳирине.
Дүнья сонша жайнап-жаснаған, мине,
Меҳир-муҳаббатың гүл-бағы олар!

## ШАДЛЫҒЫМ

Шадлығым ол—шаңарағымның саўлығы,
Ыршадайын көк аспан ол—шадлығым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Эх, анамның желкилдеген жаўлығы,
Анадайдан көринсе мол шадлығым.

Шадлығым ол—той-тамаша улы—шуў,
Адамлардың болмаса бир саўасы.
Шадлығым ол—илҳам менен табысыў,
Қарақалпақтың жалпақ тили, ҳаўазы.

Досларым муддасыл бас қосып турса,
Қатнасық жийилесе қуўанаман мен.
Бир гербиш қаласам боламан ырза,
Мийнетим күймесе қуўанаман мен.

Бойшаң таллар тикке-тикке шаншылар,
Жас шақалар саўлат қосар терекке.
Бир дарақтың жапырағындай қоңсылар,
Татыўласса мениң ушын мереке.

## АР-НАМЫС

Қызғын қандай керек болса денеге,
Маған ар-намыс та сондай керекли.
Перзент керек болса ата-енеге,
Маған да ар-намыс сондай керекли.

Ар-намысым—ол өзимниң минарам,
Сол бийиктен шар тәрепке қарайман.
Сол бийиктен шуғла болып тарайман,
Ар-намысым —ол өзимниң шар айнам.

Өмир сүриў қыйын бахытсыз болып,
Ар-намыссыз жасаў соған барабар.
Мени қүдиретли илҳамға толы,
Ана-Ўатан сезимлери толқытар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТЫҢЛАҢЫЗЛАР; ЛУИС АЛЬБЕРТО !

Соншама гөззалсаң, әй, жақты жаҳан!
Рәўшан көркиңе көзлерим тоймас.
Сениң сулыўлығың дәрт болды маған,
Дәртимди басайын,
қушағыңды аш!

Көргим келер жадыраған таңыңды,
Таўланған толқынлар не деген көркем?!
Рәҳәт сезимге бөлеп жаныңды,
О, нәўше ғумшалар ашылар кем-кем.

Сен десе көкирегим тартса айырылып,
Нәрестедей аўнап-қуўнағым келер.
Жағалаўға қуслар қонар қайырылып,
Булда әтирапқа сулыўлық берер.

. . . Қыялымда ғана жилўа таслайды,
Бәри де мегзейди мәзи ертекке.
Мени тас дийўаллар қыса баслайды,
Ал мен ушқым келер сыймай жер-көкке.

Нәйлажбан, күн-күннен жанықты жаным,
Булаққа мегзедим көзи байланған.
Не себеп өшеди ҳақыйқат жалын,
Булақ неге байланады, ҳайранман? !

Мынаў тас дийўаллар ҳарамылықдур,
Бизди нәрсе көрмегендей жалмайжақ.
Әне, басымызда байрам қурып тур,
Еки еслиленген нәлетий найсап.

Усы тас қамалдан әменгер излеп,
Пайда жоқ, пайда жоқ аҳ әйлемектен.
Маған тек әрмандур сыйласық, иззет,
Ҳәм пайтларым ўақты-хошлықта өткен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азап көриў маған тыңланған ертек,
Ҳәм ҳеш гәп еди түскеним „үйге“.
Ишиме от жағып, баўырымды өртеп,
Ғәззепти тастырар жаўызлық, ҳийле.

Сораў мүмкин емес адамның еркин,
Аттың бойы шелли қәтере менен.
Демек, түскен жақсы астына жердиң,
Халқыңды, арыңды сатып „өлгеннен„

Изде үйим қалды, қалды бөбегим,
Телмире қарайман көзлерим қыймай.
Өмир ләззетине қанған жоқ едим,
Несип етермисең, әй жарық дүнья-ай?!

Жаслығымыз жалынлаўы зәрүрли,
Мүнәсип емес-дур оған бенделик.
Оның қаны қызғын, тәни ҳәўирли,
Ҳәтте ағысларды алар меңгерип!

Автордан;

Чили Компартиясы Орайлық Комитетиниң Бас секретары Луис Карваланның баласы Луис Альберто фашистлик хунта тәрепинен бир жыл бойы тюрма азапларын бастан кеширген еди.

## ТРАКТОР

**Колхоз ветеранларының естелигине**

Дәслепки трактор келип қаладан,
Жерди сүрип тебиренткенде даланы.
Ҳайран қалып шубырсқан аламан,
Бүгин өзлерине ҳайран қалады.

Оның өр тулғасы сол ўақтан бери,
Аяқ жетер жерге ҳаллас урғандай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәзир өткир тисли дигершиклери,
Қара тасқа бата алмай турғандай.

Өспирим қызлардың айнасы киби,
(Жигит алдап алып соңыра усынған)
Күнге шағылысқан дөңгелек жүзи,
Қарақалпақтың топырағына ысылған.

Өтти қанша жыллар, дәўирлер өтти,
Не қыйлы трактор өтпеди буннан.
Ҳәттеки олар да жетилисип кетти,
Қалып қоймас ушын заманымыздан.

Гүрескенлер дейип бурар бүйиримиз,
Жеримиздиң даңқы, дақылы ушын.
Усы күнге дейин умыта алмай жүрмиз,
Жаўынгер трактордың тарғыл даўысын.

Атланып дәслепки тракторшылар,
Егис майданынан урыс майданына.
Ким билсин ийеси келмеген шығар,
Ийесиз турыпты трактор мына?!

## КЛАССТЫҢ СӨЗИ

Революция исиниң дәслепки даўылпаз—агитаторларына бағышлайман.

Гүзги Петербург...
Силпи жамғырға
Жуўыла-жуўыла жалтырар тас жол,
Кеш... Әсте ойланып келер бир тулға,
Еле қаршадай жас Ленин еди ол.

Алып-ушып шәўкилдеген жүректиң,
Қуўанышында бир гәп бар:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саўсақлары киби жумыры билектиң,
Жәмлестирилипти шашаў кружоклар.

Исенип рабочийлардың күсли қолына,
„Гүрес союзы“ деп талпынды Ленин.
Фабриканттың „шерик“ капиталынан,
Алып бериў ушын класстың кегин.

Шынында, ҳәкимлер алдында онын,
Тордан қорыққан жынаятшыдай алаңлар.
Ана тили еди революцияның,
Класстың сөзи ҳәм зор топалаңлар.

Сол тилде сөйледи Ўатан халықлары,
„Рабочее дело“—әлипбеси еди.
Революцияның урықларын сақлады,
Ҳәтте, Саян таўларының етеги.

Сол тилде жаңланған жалынлы шақырық,
Өткен сайын ҳәр бир күнлер, ҳәр ҳәпте.
Торнтон дийўалларын жаңғырықтырып,
Жетти Москва ҳәм Киев тәрепке.

Сол тилде дым айқын түсинисти халық,
Сүргинде де, тюрмада да ызғарлы.
Бирақ, жетпей қалған гей сөзлерди айт,
Айт сен, қыршын кеткен жигит-қызларды.

Қанатын кең жайған даўылпаз санап,
„Правданы“ ҳәр күн қолға аламан, бирақ.

---

„Рабочее дело“ газетасының дәслепки саны полиция тәрепинен А. Ванеевтиң қойнынан табылып өз оқыўшыларына жетпей қалған еди.

*Автор*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анатолий Ванеевтиң қойнынан,
Шыққан газет пе деп ойлап қаламан.

...Гезип бул қаланың кең көшелерин,
Өтмишти есиме түсирсем бунда,
Ҳәзир де
қубылған қыялымда мениң
Ақырын ойланып келер бир тулға,
...Гүзги Ленинград!...

## ЖУЛДЫЗЛАРДЫҢ ӘРМАНЫ БАР МА?

Әрманы болады гүлдиң, таллардың,
Қаршадай қызлардың, нәўше баллардың.
Әрманы болады өмири бардың,
Айтың, жулдызлардың әрманы бар ма?

Және жансам дей ме бәлентлиректе?
Әрманның өзиндей нурланар көкте.
Жымыңласып от таслайды жүрекке,
Сол бир жулдызлардың әрманы бар ма?

Көп қуслар дағысып мәкан излейди,
Көп дослар дағысып бийкар ислейди.
Тек анаў жулдызлар жубын үзбейди,
Айтың, жулдызлардың әрманы бар ма?

Бәлентте шағырайысса жулдызлар ири,
Кишкенелери де өрлер илгери.
Күшли тартса керек бирисин бири,
Оҳо, жулдызлардың әрманы бар ма!

## ҮМИТЛЕРИМ ҚОЛЛАР МЕНИ

Қорқыта алмас жоллар мени,
Үмитлерим қоллар мени.
Мунарланған таўлар себи,
Жол береди қашан барсам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәлки, достың сатқаны да,
Ҳеш гәп!
Таслар атқаны да.
Көтерермен мен оны да,
Қара жерге тең болмасам.

Анам мени „тапқан“ күнде,
Тек кеўилге жериген бе?
Қыйын,
маған бәринен де,
Тилегимде сен болмасаң.

* * *

Таңға салым жанды сезим қытықлар,
Бирақ та, сулыў қыз, сен күйип-жанба.
Иләҳий тазалық пенен мөлдиреген шықлар,
Гүлдиң шақаларын қайыстырғанда.

Кеўлиңе мәлел келмесин, гөззал,
Көк гүркиреп, кейин жамғыр жапқанда.
Қабағыңды ашып, сүйсиниtermin көз сал,
Төменнен жол излеп селлер аққанда.

Бүгин дарақлар да соншама сәнли,
Күттим сени сол жамғырдың астында.
Тек те сен түнерме,
Қубылыслар да оянады, ҳаслында,
муҳаббат янлы!

## МЕҲИР

Мәўжирген ағыслар тынбаўы зәрүр,
Инсан бесик жырын тыңлаўы зәрүр.
Орнаў ушын бәҳәр ҳәм шадлы дәўир,
Жәҳәнға аналық меҳир мийсар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОС ТАРЛАР

Бул жерге тамырын жайса да,
Аспансыз өмир жоқ майсаға.

Үнлес болсын қос тарлар,
Татыў болсын қостарлар.

## ЫРАЗЫМАН

Өмиримизге ыразыман, досларым,
Сизлерге қушақты ашаман кеңнен.
Сонша ыразыман таўсылса барым,
Барыс-келис пенен сиз-бизлик пенен.

Кеўлим жақсылардан шарапат тилер,
Ыразы емеспен жаманлық иске.
Ыразы емеспен қуўраса гүллер,
Гүллер бөленбесе әжайып түске.

Гөззаллыққа ырза емеспен ҳасла,
Қызлар бир-биринен сулыў болмаса
Бирақ гөззаллықта айланар тасқа,
Егер жүреклерде жылыў болмаса.

Шадлық сезим ортақ болғай бәршеге,
Аўлақ болғай жалған менен өсектен.
Мен тиксинген, мен наразы нәрсеге,
Ырза адамларға ырза емеспен.

## МАЯТНИКЛЕР ТЕРБЕТИЛИП ТУРҒАНДА

Бизлер ингалаған бесиклердеги,
Түрли қоңыраўдың сыңғырлағаны.
Қулағыма келер сестей өрдеги,
Оны еситемен де тебиренер жаным.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул жақты жаҳанның жуўдырлысы да,
Көрки де, бәри де, алтын жиплери.
Үстимде тербелип турыпты сонда,
Өмирдиң дәслепки маятниклери.

Ақырын қыймылдап жорға бесигим,
Қоңыраўларым әсте тербелгенинде.
Мен қайдан билейин (аңладым бүгин)
Өмиримиз өтип атқанлығы жөнинде.

Ўақыт алдап-арбар, шебердур теңсиз,
Ол—уллы, жадырар сәўбет қурғанда.
Тоқсанға шықсақ та бала екенбиз,
Маятниклер тербетилип турғанда.

## ЖАПЫРАҚЛАР САЎЛАП ТҮСЕДИ

Мезгил сайын жолдың үстине,
Жапырақлар саўлап түседи.
Ўақыт ҳәмири жүдә күшли ме,
Жапырақлар саўлап түседи.

Әллеқандай бүйири бурып,
Сол бир сарғыш жапырақларды.
Таң сәҳәрде орнынан турып,
Сыпырады қоңысы ғарры.

Ойын балларына бастырмас,
Тал түсте де усы талабы.
Соң бир шетте отырып бираз,
Узақ-узақ ойға талады.

Көз алдынан өткерер солай,
Елеслетип ол бирим-бирим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслығынан бермаған қарай,
Жайылып атырған күнлерин.

Сыпырыўында кемис жоқ,
жəне
Жапырақлар саўлап түседи.

## СААТ СЕСТИ

Толқынланған ағыстайман,
Маятниклер тербелгенде.
Сөзлеримди нағышлайман,
Көп отырып зергерден де.

Жақсы-жаман бар себеби,
Өмир—көптен таныс майдан.
Дос тутаман биреўлерди,
Биреўлерден алыслайман.

Биреўлерге қарыйдарман,
Күтип аэровокзалларда.
Оҳо, нағыз шайырлардан,
Нур қуйылар нəзик жанға.

Маятниклер тербелгенде,
Болғым келер сонша аңлы.
Оҳ, биреўлер безип меннен,
Кетип баратырған яңлы.

## ГҮЛ

*А. Пушкиннен*

Көрип қалдым солған бир гүлди,
Умытылған китап ишинде.
Жаным отлы əрманға толды,
Ҳəм қыйналдым ойлы пишинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қай бәҳәрде гүллеген? Қайда?
Зақым көрген кимниң қолынан?
Ол жат па еди, пақыр ма, бай ма,
Ҳәм гүл неге бунда қойылған?

Белгиси ме ушырасыўдың,
Айралықтың гүли мекен я?
Гезди ме я жападан-жалғыз,
Тоғайларда, тыныш далада?

Қайда жигит, қайда перийзат,
Соң үй-жайлы болды ма екен?
Яки олар ўақты жетпей-ақ,
Сырлы гүлдей солды ма екен?

## БАХЫТЛЫ БОЛЫУЫ СӨЗСИЗ

Маған бәриңиз де алыс емессиз,
Кеўлим-қәдимгидей, тилегим—қызғын.
Солай да, бахытлы болыўы сөзсиз,
Маған өмирликке қосылған қыздың.

Барымды бөлиссем деймен жүзбе-жүз,
Сонда сәни келер жаслығымыздың.
Ҳаслында бахытлы болыўы сөзсиз,
Маған өмирликке қосылған қыздың.

## ТӨРТЛИК

Мен ышқыда сеннен безбедим,
Мен ышқыда бахыт изледим.
Өзи ушқынып турған жүректи,
Өртеп кетер отлы көзлериң.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДЕЛИБАШ

*А. Пушкиннен*

Еки тәреп қарап тур төмен,
Ойпатлықта қызбақта саўаш.
Өшегисип казаклар менен,
Айқаспақта қызыл Делибаш.

Делибаш! Ту-у-р! Топлымға урмай,
Сонша жасап изи усы ма?
Көзди ашып-жумғанша болмай
Илинерсең найза ушына.

Әй, казак! Сен онша қулшын ба,
Ол жулдыздай ағып түседи.
Делибаштың қыйсық қылышы да,
Басгенеңди қағып түседи.

Еки атлы шаўмақта пәтли,
Шуўлайды журт еткендей мазақ.
Ўах! Делибаш найзада кетти,
Бассыз кетип баратыр Казак.

* * *

Қыял достым, саған бағыш ҳәр демим,
Сен оны да жебеп алға тарт тағы,
Қосық атлы садық достым бар мениң.

Әмир бизиң кеўлимизди тартады,
Кең жаҳанға көз таслайық үшеўмиз,
Шынлықтың зор минберлери арқалы.

* * *

Жаным еле сағынып турар,
Наўрыздағы нөсер жамғырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оҳо, сол бир меруўерт тамшылар,
Жүрек-баўырымды жандырды.

Сағыныштай қумай көздеги,
Дөңгеленген меруўерт тамшылар.
Гүлдиң нәзик жапырағынан“ Мени—
Сулыўлықты көр“ деп тамшылар.

Азадалық толқытар сансыз,
Пәк нурларға жуўыла-жуўыла.
Биз екеўимиз қарап қалғанбыз,
Оның нәзик қубылыўына.

Солдатлық күн өтелип демде,
Қайта қосылар-аў жолымыз!...
Бирақ айралыққа келгенде,
Тәғдирине көнбес „долы“ қыз.

Көкирегимди ҳөллеп таслады,
Дөңгеленген меруўерт тамшылар...

## ТЫҢЛАҢЫЗЛАР

Бул жаҳан теңселген теңиз тақлетли,
Бизди ырғағына қосып әкетти.
Гә қайтса, гә шуўлап тасқынлап кетти,
Тыңлаңызлар!

Ол теңизге сансыз дәрья ағып тур,
Достым, келешектиң руўҳы ҳәзир
Дәўиримиздиң дәрўазасын қағып тур,
Тыңлаңызлар!

Қуллық қайтып-келмеслерге узасын,
Баянлап класстың ғәззеп-ызасын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалынлаған революция музасын,
Тыңлаңызлар!

Ашып айта алмайтуғын бир сырын,
Ашыққа мегзеттим дүньяның түрин.
Тек оның пәк жүрегиниң дүрсилин,
Тыңлаңызлар!

## БӘҲӘРДИҢ ТУЎЫЛЫЎЫ

Дөңбекшип булт тодасы,
Ақырын жылысады.
Бардай бир мүддәҳәси,
Сыңсыйды жыл куслары.

Бул мәҳәл жерде турып,
Селеўлер суўылдайды,
Сетемшил кийиклер де,
Еркинсип жуўырмайды.

Бул мәҳәл шөл аспаны,
Муңлыдай туйылады.
Сел етип көз жасларын,
Жамғыр да қуйылады.

Тамаша усылай удай,
Қумлардың жуўылыўы.
Аңсат емес сыяқлыдай,
Бәҳәрдиң туўылыўы.

## САЛЫ ОРАҒЫНДА

Сәске пайты болғанда,
Жапырақтан кебер шық.
Ҳәм
Комбайн ход алғанда,
Зырлар жүздей дигершик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизге тәжим еткендей,
Зер масақлар салынар.
Көк жийекке жеткендей,
Толқынланар салылар.

Ғаррылар да йошады,
Йошар, ақыры, дийхан-дә.
Жасына жас қосады,
Егинди ҳәр жыйғанда.

Сап дән қуйылып барады,
Айырылар гил қаўық.
Ал комбайн орағы,
Қыл қаўып тур, қыл қаўып.

Қулап түсер дәстелер,
Қулар сонша зил бардай,
Қулап түсер дәстелер,
Өтип атқан жыллардай!

**АНАМНЫҢ АНАСЫ БАР**

Сөйлессең жүдә қызық,
Анамның анасы бар.
Оның да еки-үш қызы,
Еки-үш баласы бар.

Гей ўақта мақтай ғойса,
Шатастырар атымызды.
Сөйтип, ол мақтап сонша,
Қайтарар пәтимизди.

Ҳәм адам билмейтуғын,
Ертекти биледи ол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гей ўақта сөйлеп қызғын,
Селкилдеп күледи ол.

„Гүл питсин қолларыңа,“
Деп бахыт тилейди ол.
Улының улларына,
Қызының қызларына!

## ҚУМЛАР

Көшер бултлар шегарасыз, ўатансыз,
Көз жасын сел етип төгер де тынар...
Көрсеңиз де қыйын пайытларды сансыз,
Сонша қаталсызлар, әй, жумсақ қумлар!

Инсан жүрегинде болмас салқынлық,
Жәмлер бәҳәр ләбин, жаздың ыссысын,
Жеңислерге биз шөлиркеп талпындық,
Жаслық жигеримиз қум болмас ушын.

Сүймеймен, сүймеймен жасаўды көзсиз,
Кеўлим сизлерден де жақсылық излер.
Билемен үйилген қырман емессиз,
Үйилип-төгилген әрмансыз сизлер.

Саған көз жас, көк сели де көп сиңди,
Бәри-бәри жүрегиңнен жай алар.
Бүгин сениң толықсыған көксиңди,
Түйе табан шпалалар аймалар.

Ҳәўиж алыўлары мийнет заўқының,
Сениң арманыңдур бағлар, толқынлар.
Күтесизлер вокзаллардың шаўқымын,
Сонша қаталсызлар, әй жумсақ қумлар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЯБАН ШӨЛЛЕРГЕ ЖОЛ ТҮСИП АТЫР

„Совет халқының бахты ушын Қарақумд ағы
мийнет атланыслары ҳаққында тарихтың
ең жаңа бетлери жазылмақта"

Архив бетлеринен. Дарған ата,

*30-сентябрь, 1947-жыл.*

Бир маман жазыўын даўамлар күн-түн,
Ол буны баслаған Дарған атадан.
Өзиниң сол идиралды мийнетин,
„Қарақалпақтың бахыты" деп атаған.

Темир жол ҳаққында дәстан дөретти,
Онда бар сап жигер ҳәм илгир зейин.
Жаўынгерлик қыйын жоллардан өтти,
Қоңырат, Москва, Берлинге дейин.

Ол ҳәзир саҳрада шығып шатырдан,
Гейде узақ ойға талады бунда.
Әсирлеп суў бармай қақсап атырған,
Қызылқумның далалары ҳаққында.

Топырақ үйди ол, әкелди тасты,
Ҳасла аянбады уллы ислерден.
Саҳра кийиклери дүрлигип қашты,
Шөл қойнына енген релслерден.

Бул жерде толқыйды қумлар теңизи,
Жүре билмесеңиз опат етеди.
Бүгин басып өткен қумыңның өзи,
Ертең басқа жаққа көшип кетеди.

Саҳра жуўенленип шегинер ҳәр күн,
Деген менен оннан сайын туўлар ол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылысқан жыландай сарғыш қумлардың,
Қақ белинен басып келер темир жол.

Фортепьяноның клавишы янлы,
Бунда шпалалар орнаскан қатаң.
Отарба даўысы тебирентип жанды,
Жеңис ҳаўазындай еситилер маған.

Қызыл қумның қойны ыссы болса да,
Түси суўық тәнди түршиктиргендей.
Билегиң қаншама күшли болса да,
Жумсақ қум табанды тайдырар сеңдей.

Аўыллар жайласып бағшалы-бағлы,
Қыябан шөллерге жол түсип атыр.
Адамзатка баўырын ийген сыяқлы,
Толықсып атыр қумлар,
толықсып атыр!

## САҲРАНЫҢ ГҮЛЛЕРИ

Көз қумарың қанады,
Әйне бәҳәр күнлери.
Шоқтай ғыжлап жанады,
Саҳраның гүллери.

Бийреҳим болса да,
Қызыл қумның шөллери,
Қулпырады соншама,
Саҳраның гүллери.

Бийдәрт бултлар жарысып,
Өтип кетер илгери.
Кала берер қайысып,
Саҳраның гүллери.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саратаңда уйтқып сай,
Есер отлы желлери.
Күйип кетер шыдамай,
Саҳраның гүллери.

Тұқым шашар сәл бурын,
Қалғанында сүлдери.
Күтер бәҳәр жамғырын,
Саҳраның гүллери.

## КИЙИК

Шаншып басып жүреди,
Ҳәм де тоқтар, жаны муң.
Денедеги ҳүрейи,
Аттырмайды адымын.

Еки көзин тындырып,
Батар шөлдиң зардабы.
Суўдың нәзик сылдыры,
Оннан сайын тартады.

Хабаршылар тәризли,
Сексеўиллер шуўлайды.
Көрген сайын ҳәр изди,
Эҳ, жүреги суўлайды!

Жалтаңлайды бул ўақта,
Бойым көзге түсер деп.
Мөлдир суўлы булаққа,
Умтылды ол дизерлеп.

Алыс кетип үйири,
Айырылған ол жутып шаң.
Қанбай атыр мийири,
Ай-ҳай, өмир, татлысаң!!!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШОПАН

Шопанның ҳо дегени,
Тоқсан, жүз шақырымдай.
Онын ҳәр сөйлегени,
Халқының нақылындай.

Себеби сөзлерди де,
Көп излеп табады ол.
Ушырасқан гезлеринде,
Кеўлиңе жағады ол.

Ҳәммениң жақыны ол,
Иси жоқ ҳамал менен.
Даланың ҳәкими ол,
Сырласар самал менен

Ойласар шөплер менен,
Ҳәм сөйтип көшип кетер.
Ким билсин оған ертең,
Не нәрсе несип етер?!

Көп жүрис, қыйынлықтан,
Түңилип налымаған.
Мийзамды тезден уққан,
Исине алым адам.

Иштеги ойларыңды,
Сезеди сөзлериңнен.
Жойтылған қойларын да,
Табады излеринен.

Көп қыйлы жумыслары,
Ойлары бир пүтиндей.
Отырыс-турыслары,
Даланың бүркитиндей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шынында, жаслайынан,
Ол бунда ушып-қонған.
Сахра кум болса да,
Туўған жер ысық оған.

## АДАМЛАРДЫҢ МЕХИРИНЕН ҚАНЫП ИШ

Көк шыққанда,
қызылқум, қыз қылықлы,
Бата алмаймыз сизге бир зат деў ушын.
Сақадайын не жигитлер жүрипти,
Жылқы минезинди жүўенлеў ушын.

Шулғыйсаң сүйегин сипсе болғанша,
Тыным таба алмастай қус жанлысаң.
Тәниңде ыссылық болса да қанша,
Инсанға буншама суўық қанлысаң.

Атыңа бул түсирмей ме бир нуқсан,
Шықпадың-ғой диййханлардың диййдинен,
Дәрьяға аш нәзер таслап турыпсаң,
Мойын созып Ашшыкөлдиң ийнинен.

Сырларыңды гизнейсең сен еп қылып,
Болдырғаның көринер „қой көзинде",
Бизлерди де әптабыңда жандырып,
Шөллединң бе деймен сениң өзиң де.

Бәхәрги жамғырды күтесиз мудам,
О, қумлар, табаға түскендей қызғыш,
Қәйтесең айырылсаң барлық шарадан,
Адамлардың мехиринен қанып иш.

## ЖАҚЫН МЕНИҢ ЖАНЫМА

Қызыл! Сениң хәр бир халатың,
Палатың, сексеўил хәм жуўсанларың.
Жасырынып келип суў ишетуғын
кийиклериң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн жаўса мийрим жаўғандай
жибисетуғын бозларың
жақын мениң жаныма!
Толқып кетесең де сәл-ақ нәрседен,
Бәршеден алажақ ашыўың бардай.
Көрсетпей бозыңды, қумлақ жериңди
көримди көрсетесең сен.

Қызыў қанлылығың унайды маған,
Сүйемен мен сениң даўылларыңды.
Қара үйлериң бекем орнатқан
аўылларыңды сүйемен.

Сен десем қоңыраўлар қағысып кеткендей,
Жаңғырығып кетеди жаным.
Жаңбыры шелеклеп жаўып өткенде,
Бәҳәрдиң аспаны қалай ашылса,
Гирбиңсиз кеўлим де сергийди солай.

### СОНДА ӨТ БУЛ ҚУМЛАРДАН...

Күйдиреди бул ўақта,
Саратанның әптабы.
Мине, олар булаққа,
Жетип барып тоқтады.

Қызлар тобы қашшан-ақ,
Шелек толы суў алып.
Жан баўырды тасалап,
Жуўырысар қуўанып.

Уят деген күшли-дә,
Дөннен асар сайдағы.
Салқын суўды үстине,
Қуйып-қуйып қайтады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Оҳ, келеси бәҳәрде,
Жасыл дөнип жылғалар.
Қуслар келген мәҳәлде,
Шөл гүллери ырғалар.

Сонда өт бул қумлардан,
Танымассаң буяқты.
Ал, мен ойлап қарасам,
Қызлар төккен суўлардан,
Гүл көгерген сыяқлы.

## ГҮЛЛЕРДИ КӨРСЕҢ..

...Жазықлыққа сүйсинип кетип,
Қумда-ақ өседи,
Гүлистанға айланар сөйтип,
Саҳра кешеги.

Басын ийип қапырық ыссыда,
Солады әсте.
Дәртке даўа деген усы-дә,
Жанланар кеште.

Қәйдем, ҳәтте салқын самалдан,
Нәҳәр ала ма?
Көрки менен өртейди мудам,
Қумлы далада.

Мәкан тутқан қызылдың қумын,
Гүллерди көрсең.
Өзге шаңараққа кеткен қоңсыңның
Қызы ма дерсең.

## ЕСКИ АҢҒАР

Шопан аўылының түбинде,
Жатыр үлкен дәрья аңғары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ултанларын сыпырар күн де,
Қызылқумның өр самаллары.

Бул аңғарда
Бәҳәр келсе түрли гиялар,
Өсер жыңғыл,секесўиллер де.
Самал менен шуўлайды олар,
Усап өскин шоқ кеўиллерге.

Рәңбе-рәң гүл ағымына,
Тола жазлар дәрья аңғары.
Бойын созып таң сағымына,
Доланады шөл жәнанлары.

Сонша гүлге Ана-дәрьяның,
Қатқан көкси ийе ме деймен?
Бәлки, жақсылардың мудамы,
Шарапаты тийе ме деймен?!

Ески дәрья
Адасқандай улынан шөлде,
Өзин-өзи жубатып пақыр.
Енди аңғарын толтырып гүлге,
Тербетип атыр.

## БАЎЫР БАСЫП ҚАЛҒАН ОЛ

Баўыр басып қалған ол мәңги,
Қызыл қумның дала, қумына.
Гәплери де ширели, жанлы,
Қара, оның садықлығына:

„Тулпар сейиси баққан жерине,
Гүлдир-гүлдир киснеп туўлайды.
Әўелинде аққан жерине,
Қай ўақ-бир ўақ дәрья қулайды".



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кыял сүрер журсе дағы жол,
Әрман канат берген ойына.
Шаңарағын қондырады ол,
Ески дәрьялардың бойына.

Оған тийис дәрья, булақ та,
Астында бар жүйрик тарланы.
Кеўли кеншимейди биракта,
Ийримли суў—оның әрманы.

Талай бәҳәр келди булманға,
Еле тасқын дәрья келмеди.
Текте ағар ескиултанға,
Жамғыр көз жасының селлери.

Нийетинен шегинбес ҳеш те,
Тасламайды шопанлықты да.
Әне, үйине баратыр әсте,
Қыяллары суўдай ақты ма?!

„Тулпар
сейиси баққан жерине,
Гүлдир-гүлдир киснеп туўлайды.
Әўелинде аққан жерине,
Қай ўақ-бир ўақ дәрья кулайды."

## САҒЫМЛАР

Сағымлар! Тасқын дәрья болып ағыңлар!
Ямаса көп-көмбек көл болып толқың.
Тамаша көринис бериң Қызылға,
Гә тулпардай зымыраңыз, сағымлар!

Гейде жай ағасыз, гейде мәўжирип,
Гейде жайқаласыз қара тал болып.
Ҳәр қыйлы муқамда кубыласызлар,
Гәҳи жуўырасыз жейранға мегзеп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түсинбеймен, бунша толғанып атасыз,
Гә оған дөнесиз, гә бунысына.
Бул сүўретлер, бәлки, көз өңимизде,
Қыяллардың аттай шабылысы ма?

Өз жөнимизге биз жүре бергенде,
Бир демде қыялдың қусы ушпаса.
Бәлки көрмес едик сағымларды да,
Жанымызға жақынларды да көрмес-ек!

## ҚАРАМЫҚ

Тарбыйысып қум баўрайында,
Өсер қарамық.
Сулыўланар жаздың айында,
Аўыл менен еки аралық.

О, қарамық! Май өткен ўақта,
Барлық гүллер ашқанда толық.
Турып тикенекли шақада,
Писер еди қап-қара болып.

Терер едик ҳәммемиз, сен де...
Ҳәр жыл усылай.
Сезбеппиз оңлы.
Қумның етегинде өссең де,
Сәрўи бойлы қыз болғаныңды.

Сонда бизлер терген қарамық,
Сениң көзлериңе усайды.
Өтти ол мәўсимлер, балалық,
Қызық шелли болмай үш айғы.

Соннан берли умытқан яңлы,
Келмей кеттиң бул жағаларға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ойларында қалғай сақлаўлы,
Қарамықлы қумлар, баллар да.

О, Қарамық!
Шақасында жаздың соңында,
Бир-екеўи қалады сайлы,
Олар—телмирискен жолыңда,
Мениң көзлериме усайды.

## ҚЫЗЫЛҚУМ—ОЛ ҚАЙСАРЛЫҚТЫҢ СҮЎРЕТИ

Күнге күйген қумлар еслетер зерди,
Көзиңди талдырар төселген тақыр.
Онлаған елатың сыятуғын жерди,
Жүзлеген булақлар асырап атыр.

Жаңа жазлар күндиз қағылған қанат,
Қайнаўға шамалап барар суў бети.
Ийне көз булаққа етер қанаат,
Қызылқум—ол қайсарлықтың сүўрети.

Шағырайған қуяшта ол жалын жутып,
Тал түсте нәзерин алса да төмен.
Кешки салқын менен бойын суўытып,
Ақшам ым қағысар жулдызлар менен.

Таң самалы оны толқынлатады,
Көтереди еркинликти туў етип.
Дегенинен қайтпай таўланып атады,
Қызылқум ол қайсарлықтың сүўрети.

## МАЙ ГҮЛЛЕРИ

Кейнип берген нәўше қызға,
Нәзиклик бар турысыңызда,
Жаслар келсе тусыңызға,
Байрам сәнли май гүллери.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саҳарада, Қызылда да,
Йош бересиз қыз-улға да.
Бириң—Тюлпан, бириң—Лала,
Исмиң көпдур, май гүллери.

Дүнья бойлап сапарың жоқ,
Бирақ алмас шәҳәриң жоқ.
Саўлатың бар, қәҳәриң жоқ,
Хош мүлайым май гүллери.

Дақыл берсе бәрше егин,
Рух береди нәўшелерин.
Инсан барлық күш-жигерин,
Сизге арнар май гүллери.

### А. БЛОКТАН

Ағыл-тегил жасаўды мен қәлеймен,
Шынлық мәңгиликке бөленсе деймен.
Инсанийластырсам бийтәреплерди,
Мүмкинликти тапсам мүмкин еместен.

Аўыр уйқы жанды туншықтырса да,
Талықсытса да ол дем бермей талай.
Мүмкин бир жас жигит жас ҳәм азада,
Еле мен ҳаққында айтады былай:

Кеширемиз буны, түнерген қәҳәр,
Оның жасырынып жатқан қуўаты,
Ол—жаслық, нурлардан алады бәҳәр,
Ол—азат турмыстың сән-салтанаты!

• • •

Оҳо, ушы-қыйырсыз бәҳәр,
Ушы-қыйырсыз әрман не деген!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир, сени қарсы аламан,
Қалқанлардың зыңылдысы менен.

Куттим сени, сәтсизлик жолда,
Жеңислерим сизге де жол көп!
Егитилип сыңсыўларда да,
Күлкиде де нәлегийлик жоқ!

Қарсы аламан уйқысыз таңды,
Әйнеклерден сығалаған күн.
Мениң искен қабақларымды,
Қымыршытып қызартыў ушын.

Қарсы аламан салмақты бүгин,
Қалалардың зинданларын да,
Жарқыраған аспан кеңлигин,
Зорығыўды күтемен бунда.

Қабыллайман сизди босағада,
Жылан сыпат қуйынлар менен.
Атын таба алмаған қудайға,
Сыйынған еринлер... ар менен.

Усы душпанлықтың алдында,
Тасламаспан сирә қалқанды...
Ийин аша алмассаң дым да,
Бәлент әрман қыздырар қанды.

Қарап турып ғәзепленемен,
Жек көрип, ант етип, сүйинип.
Азап, қыйраў ушын, билемен,
Сени қабыллайман ийилип!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРЫЗДАРМЫЗ БИЗ...

Иниме

О, азамат,
шағла, шағла, ҳақың бар,
Қарындас, күл, ойна, онша қысынба.
Өмирдиң ләззетин сизлер татыңлар,
Ўатан ушын жан бергенлер ушын да.

Жаралған сыяқлы баўыр етинен,
Инсаниятқа үйир, досыў-ярмыз биз.
Адамларға ығбал инам етиңлер,
Бири-биримизге қарыздарымыз биз.

## ҚЫЗ

*(Поэма)*

I

Жол бойы жайқалар жасыл дарақлар,
Назлы қәдем таслап киягыр гөззал...
—Иркилип көз тасла ғыр әтирапқа,
Я анаў гүллерден жыя тур, гөззал.

Өзиң көрик бердиң усы шәменге,
Азырақ сайранла асықпа бунша.
Сәрўи тал шақасын ийип төменге,
Әне, лала гүллер ашыпты ғумша.

Сәл еглен сулыў қыз, қайда барсаң да,
Ҳо, анаў шақаға қолыңды узат.
Жамалы ҳәммени салып сарсаңға,
Алма үзген емес сендей перийзат.

Аққан суўға тасла көздиң қыйығын,
Ойын қурғың келип кетер қус яңлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барма еди кутип турған жыйының
Бир пикирге келе алмайсаң устамлы.

Отырып тарап ал бурымларыңды,
Азлап кешигип-ақ барарсаң енди...

• • •

Әне, тәбият та Әнжим арыўды.
Қушағынан шығарғысы келмеди.

II

Әнжим—жигитлердиң кеўлинде әрман,
Камалына келип қәддин дузеди.
Ол, Бабажан қотыр деп ат шығарған,
Айтыўлы адамның жалғыз қызы еди.

Ол ҳеш бир жигиттиң зарын тыңламас,
Жигитлердиң өткен өмири дәрт еди.
Қыздың қыймыл, журисиндеги жылўа-наз,
Шопан баланың да баўырын өртеди.

Ол —
Бабажан қотырдың шопаны ғәрип,
Басын ала алмай жүрген басқыдан.
Қызға сөз айта алмай оқталып барып,
Нәзер таслар еди көздиң астынан.

Ол ҳайран:
„Не келер мениң қолымнан?
Бул заманда кеўил кеўилди таба алмас,
Журиў қайда сулыў қыздың жолынан,
Ҳәтте гиллесиўге журек даўамас.

Буўынлары сырлы қыймылға келип,
Сәл желпинип көйлегиниң етеги.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүзинен байқалып маккар еркелик,
Бийтанысқа мегзеп өтип кетеди".

Қыйнап көкирегин кернеген ыза,
Ышқы-тәшўиш салып кеўлин тербеген,
Жан-тәннен сөз арнап сүйикли қызға,
Ойланар ол жүректеги шер менен:

III

„Жаным, муҳаббатты бийкарламағыл,
Онда өзиңди де бийкарлайсаң сен.
Қәдди-қәўметиң ҳәм гүлдей жамалың,
Өзиң ашық еттиң, нурлы айсаң сен.

Қустай талпынарман сен жүрген жаққа,
Қыялыңды билмей қарарым кетти.
Сени қыя алмай өзге қушаққа,
Я өзим... татарман уўлы шербетти.

Нәзик саўсақларың оны усынар,
Ол нәзелим жүрисиңнен шайпалды.
Сениң күлим көзиңдеги ушқынлар,
Сол гүлли кесаның бетинде жанды.

Билейинши мийрим-шәпәәтиңди,
Бери қайырылып бир күл, арзыўлым.
Көрейин үстимнен серпилген түнди,
Кеўлиңди билейин иркил, арзыўлым.

Тордағы қус киби жасаўдан безип,
Сен жаққа талпынар кеўил ҳәм де тән,
Соншама сулыў ҳәм соншама нәзик,
Жүрек сеземимди бағыш еттим саған.

Бәри өтип кетти бир дәмше болмай,
Балалық кеўил ҳәм аппақ көкирек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адам жүрмейтуғын айланыш жолдай,
Ол жаққа бетлегиң келмесе керек.

Мени жатырқамай изиме ерсең,
Уллы ғәзийнеме баслап барайын.
Бирақ ол жерде жоқ айтарлық нәрсем,
Жоқ, бағлы ҳәремим, тиллә сарайым.

Жалғызлықта зәрре кеўил хошым жоқ,
Пешанаңды көрип дәртим қозғалар.
Дүньям, атағым жоқ, жүрек йошым жоқ,
Бар болса да сенсиз сарқылып қалар.

Сенлик муҳаббатым—мәңги ғәзийнем,
Ол ғәзийне қара бақана сенсиз.
Бәҳәр лебин алып келер наз-ийбең,
Кеўил қусы қанат қағар ма сенсиз?!"

IV

Жигит жанын жеди кеўли кәстелик,
Ярға жетпегенше тақат қалмады,
Ол ушын сабырдың есиги илик,
Ол ушын күн өтип, саат қалмады.

Тириниң жетпеген әрманы көпти,
Отлар шарпый-шарпый қанат қалмады.
Азап шекти сүйгенлиги себепли,
Ашықлыққа мийрим-шәпәәт қалмады.

V

Шықлар жапырақтан төгиле жазлар,
Қырмызы нур кең аспанды сырлайды.
Өлпең самал менен тербелер таллар,
Азанғы көринис қандай шырайлы?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бабажан көз таслар ҳәўли-ҳәремге,
Сулыў баў-бақшалар кеўлин хошлады.
Көз алдына келип мал-дүнья, теңге,
Таңға мийирлене нәзер таслады.

Қайырлы күн яңлы еди бул күни,
Енди ол жайлаўға қарай асықты.
Толық өрип шықты пада дүркини,
Тек жалғыз шопаны жоқ болып шықты.

Жорыта баслады палкер алғызып.
Және бир сум хабар өкпесин тықты.
Бабажанның жалғыз қызы, жалғызы,
Қус алып кеткендей жоқ болып шықты.

## VI

Ғайбана ашығы көп еди қыздың
Ҳәтте бийтаныслар қыял тербетти.
Мәўсимли гүллердей ашылған,
Қызғын—
Шийрин тил шайырлар көбейип кетти.

Қайдан билсин қыздың бәдар кеткенин,
Олар татлы әрман менен жасады.
Сонда ылақтырып таслап шекпенин,
Бири былайынша қосық жазады:

„Сениң қайда екениңди билмеймен,
Бағдар, дәрегиң де маған нәмәлим.
Оңымда бәрқулла ойымдасаң сен,
Түслериме енер гүлдей жамалың.

Көзлериң ойнақшып бир қыя бақ-шы,
Саўлат берер орайпегиң жамылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәринен де әдеп-икрамың жақсы,
Мен сени табарман қайсы ауылдан?

Минези жайдары, жүзи хош ҳүрей,
Жүзи гүл-гүл жанып турған нәзелим.
Көрген жанлар ышқы азабын кеширер.
Жети жүйресинен өтер нәзериң.

Ийбели сәлемиң, жарасқан жилўаң,
Қыялымнан кетпес отырыс-турысың.
Кеўлиң ҳаллас урған, жүрисиң жылдам,
Ҳасла мениң менен жоқтай жумысың..."

Қызды қызғанысып ессе де желдей,
Енди бирин-бири жубатыўға жарап.
Қолларынан оннан бөтен ис келмей,
Тура берсин олар аңырайып қарап.

VII

Аўыл арасынан туўған ғалаўыт,
Бийлеп алды отыз руўлы елди.
Әне, төрт-бес атлы ғаўасат таўып,
Ханлық журттың ийесине жөнелди.

Турған аламаннан ҳүрей көринер,
Қайдағы ҳәдислер қыялға келди.
Дуў-дуў гәп қозғайды қатынлар, ерлер,
Сонда бир жалатай тоқтатар елди:

„Тоқтаң, бәле-қада қыздан басланды,
Нәпсисине күши жетпеген қыз ба?
Әнжим перзент емес, қуры тасланды,
Нәлет, дақ түсирди ханлығымызға.

Нәсилине бола санға илиниш,
Әттен, нәсилине тартпады, нәлет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ондай қызлар табанлары тилинип,
Нан ушын ғаррыға тийип жүр кәлеп.

Мийнеттиң ауырын тартар ма еди?
Өзиндей-ақ қызлар жүрипти, әне.
Жаза ушын жетер мақсет, нийети,
Бизге керек емес ҳәр қандай бәне..."

...Ғауасатқа толы еди ел иши,
(Бул гәплерди туўарайық, ал, яқшы.)
Биразлардың дым кең еди териси,
Биразлары исти қолға алмақшы.

Дууа кетипти-мис қыздың асына,
Сөйтип басын айландырып алғанмыш.
Деп биразлар сыбырласты ашына,
Былғасыпты шынлық пенен жалған ис.

Көрген түстей еди жатып уйқыға,
Гәп-сөз айтыў қыйын еди шамадан.
Түсинбей бул истиң түри-сыйқына,
Ләм-мим демей аўзын басты көп адам.

VIII

Демине нан писип турған адамға,
Ҳеш бир бенде бере алмады тәселле.
Бабажанның ойы кетип жаманға,
Ушырады өз алдына кеселге.

Бабажанды ғәзеп оты өртеди,
Өлигин изледи, қызын излемей.
Жоқлаў салып еки көзи төрт еди,
Сорастырды елат демей, дүз демей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

/Қыз ушын жан қыйыў ашықлыққа тән,
Әттең,
Гейбиреўге зәрүр сулыўдың қаны.
Сайыл сүўретине келип Бабажан,
Ат үстинде баратырып айтқаны:

„Заманымыз дәстүр, заңға жетик-дур,
Бармысызлар уламалар, төрелер.
Бүгин қос диземнен дәрман кетип тур,
Ханның айбалтасы, мәдет бере-гөр.

Бир тал сабақ ҳәп заматта түйилип,
Қәҳәриңнен тас-түйинлер шешилер.
Адамлардың зеребеси үйрилип,
Бийбастақлық тамырынан кесилер.

Қасықлап жыйғанды шөмишлеп төктим,
Абырайым жоқ, дымсыз қалды ғәзийне.
Бүгин перзентимди танымай кеттим,
Бүгин көз алдымда турар әжийне“.

## IX

Қыз!
Кийик жалт қарады, қарады суслы,
Қыз!
Қуслар қос атлыны айланып ушты.

Қыз!
Силтидей тынды да шуўлаған тоғай,
Дәрьяның суўлары таўланып ақты.
Ғазлар мойын созар қыз бетке қарай,
Елпип ескен самал қозғар жапырақты.

Әл ҳаўада турып сайрады торғай:
„Әй сиз қос жолаўшы, қайда барасыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдыңыз ашылып, жолыңыз болғай.
Сөйлең, қос жолаўшы, қайда барасыз"?

„Нурлы келешекке!"—деди жас жигит,
„Бахытқа қарай!"—деп күлди сулыў қыз.

Даланың гүллери көз тартар қыздай,
Суўды сызып өтип ушар қарлығаш.
Дарақлар тербелер бой сынын бузбай,
Бүгин бир сулыў қыз келгендей ырас.

## X

Басқа түскенде де заман зүлмети,
Гүл киби ашылды нәўше кеўиллер.
Олар қуллық етиўди де билмеди,
Ақыры, қулпырмас па сахрада гүллер?!

Олар сол гүллердей жасады көзсиз,
Қарап болыўды да мисе тутпады,
Болмас екен гүрессиз ҳәм белессиз,
Нурлы муҳаббаттың бахыт соқпағы.

Қыз ҳәм жигит бул соқпаққа исенди,
Ғайры муҳаббатқа басламас дейип.
Бул соқпақ жазыққа жол алды енди,
Гүзарға айланды кем-кем кеңейип.

Ханлықтың буйрығы, пири, иймамы,
Дәўир дагирманын таўлады талай.
Усы нәрсе ҳәр дем сайын қыйнады,
Қыйнады көкиректе тыйық қалғандай.

## XI

Үплеп алыстырған кешки иңирде,
Сөнбегей қыз жаққан қырмызы жалын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Және бир пәрше от шалқыды бирден
Ҳәм ол өртей баслар сулыўдың жанын.

Саза келер:
„Әнжим, бар ма сенде ар деген нәрсе?
Перзент емес, сатқын, заман-ақырсаң,
Анаң шашын жайып аҳ урар, ал сен,
Шопан менен шырматылып жатырсаң...“

Даўамын тыңлаўды кеўли хош көрмей,
Көз алдына келди өзге көринис.
Ҳәр бир сөз жанына тийип ништердей,
Қыздың жаны тура алмады тыныш.

Жигит нама билген сезимтал еди,
Қызды қыял қыйнағанын сезди ол.
Әрман мисли гүл жайнаған бағ еди,
Әнжим менен сол тәрепти гезди ол.

Қуяштай ашылды қыздың қабағы,
Қаслары керилип, көзлери күлди.
Олар сәл жерден-ақ күлки табады,
Ал неге күлгенин өзлери билди.

Қыздың жас денеси, жигиттиң турқы,
Сүўреттеги яңлы жарасып турар.
Олар дәрья қанарына жуўырды,
Ал толқынлар алға, алға талпынар.

Уллы ҳәм әдиўли дәрья алдында,
Ҳәмме бас ийерин жигит түсинди.
Қолларын ийримли суўға малды да,
Қос уўыс суў алып қызға усынды.

Ләззет бағышлайды терең нәпеслер,
Еле басылмаған иштеги қумар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таңға салым аспан сарғаяр әсте.
Кеўил еле бәлентирек шарқ урар.

## XII

Қос палапан қанлы пәнжеде кетти,
Қос гүл қуўрай баслар бәҳәр паслында,
Қос ашықты хан әскери әкетти,
Ашықлық тапланды табан астында.

Гүл ашпаған әрманларын қайғырып,
Қыз-жигиттиң тамып түссе жаслары.
Жәллатлар өзинше салтанат қурып,
Әнжим қызды масқаралай баслады:

—Бәрекелла, бәрекелла көркиңе,
Пери десем дурыс болар бурыўсыз.
Мен де түсер болдым ышқы дәртине,
Зибаның бар болса сөйле, сулыў қыз.

Бизлер барда Қарақалпақ халқында,
Тәртип көрсин жигит-желең, улыў-қыз,
Не арзың бар кетериңниң алдында?
Зибаның бар болса сөйле, сулыў қыз!

Тәниңнен—жан кетер, қыймылыңнан—наз,
Көзиң—нурсыз қалар, денең—жылыўсыз.
Сениң—өмириң аз, бизиң-ўақыт аз,
Зибаның бар болса сөйле, сулыў қыз!

—Ашықтың кеўили бәлентти гөзлер,
Дәрья тасса тобығына келе алмас.
Соншама шырайлы, сыпайы сөзлер,
Ашықлық тәрийпин сөйлеп бере алмас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ гэп бағдары ашықлық емес,
Бул жерде сөз барар жаза ҳаққында.
Мейли менин ушын болмас еле кеш,
Бәрине де үлгерермен ўақтында.

Сизиң айбалтаңыз турыпты мәзи,
Ол шеклей алмайды ышқынған жанды.
Ҳәм ўақыт алдында әлжуўаз, әззи.
Ышқы алдындағы әззилиги яңлы.

Ойыма алғанды тындырдым, тақсыр,
Екиленбей қабыллайман жазаны.
Бирақ өмир сүриў қанындай жақсы,
Болса да гә татлы, гәҳи азалы?!

Мен әзелден ашық едим өмирге,
Муҳаббатты өмирим деп түсиндим.
Ол мени—
Өзине тартты ҳәм жасадық бирге,
Ол маған әжайып нур яңлы сиңди.

Қөзимниң отлары сөнгени менен,
Ол нурдың сөнбеўи тийисли еди.
Қызғынлы райы қайтпаса деп-ем,
Жанбаса деп едим ышқының кеги.

Сонша сулыў еди менин әрманым,
Әрманлар буншама бизди қыйнар ма?!
Көргим келер гүлдиң ғумша жарғанын,
Көргим келер...
Тоймай баратырман сол бир дийдарға.

Көргим келер оның шашырап күлгенин,
Хош күлки қашпағай көзим тириде.
Оған бағыш еди кеўлим, тәним,
Налыйман көз таслап заман түрине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғамлы кеўил муҳаббатқа шөллейди,
Не ислермен келиспесе талайым?
Ҳасла жаманлықты көргим келмейди,
Жазаны әўели өзим алайын.

Билемен,
Ол ҳәм мениң ушын бәрине тайын,
Бир заман да болса нәпес алсын ол.
Жазаны әўели өзим алайын,
Мениң көз алдымда тири қалсын ол.

Насырым бүгилип, тыныс тарылды,
Иштеги әрманлар жанымды жейди.
Айтып болдым писентимде барымды,
Енди айбалтаңыз сөйлесин мейли.

—Хош бол, Әнжим, разы бол!
—Хош Әмет!..

Жаўдыр көзлер телмирисип қарады,
Алыса баслады жалынлы ҳәўес.
Жигит қала берди қустай жаралы,
Ал қызды бир майдан толқытар емес.

Әҳ, залым айралық!
Не болар енди?
Хәзир олар ашық болды қайтадан.
Айнымас ҳәм ең меҳирибан перзентиң,
Тек ашықлар емес пе еди, айт Адам!

Бирақ өлим суўық ҳәм де айбатлы,
Ал қыз болса бийғам еди, ҳақ еди.
Қәдди бойы қәдимгидей саўлатлы,
Ҳәттеки ләблери сулыўырақ еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЭПИЛОГ

Кел-ҳә, кеўлим—кел оқыўшым жаныма,
Сенлик дәртти сатып алайын өзим.
Өлмес қаҳармансаң қосықларыма,
Сени жырлап сазға салайын өзим.

Ышкы ўаспын тыңлап, өтмишке енип,
Әпиў ет оқыўшым, егитилсе жаның.
Бүгин кызлар хош күлкиге бөленип,
Узағына болғай шадлы дәўраның.

* * *

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

Кишкене аўылдан басланcадағы . . . . . . . . . 3
Атадан қалған төрт қыйтақ жер . . . . . . . . 3
Ана меҳири . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Шадлығым . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Ар-намыс . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 6
Тыңлаңызлар: Луис Альберто! . . . . . . . . . 7
Трактор . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Класстың сөзи . . . . . . . . . . . . . . . 9
Жулдызлардың әрманы бар ма . . . . . . . . . 11
Үмитлерим қоллар мени . . . . . . . . . . . . 11
Таңға салым . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Меҳир . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Қос тарлар . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Ыразыман . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Маятниклер тербетилип турганда . . . . . . . . 13
Жапырақлар саўлап түседи . . . . . . . . . . 14
Саат сести . . . . . . . . . . . . . . . . . 15
Гүл (А. С. Пушкиннен) . . . . . . . . . . . . 15
Бахытлы болыўы сөзсиз . . . . . . . . . . . 16
Төртлик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16
Делибаш (А. С. Пушкиннен) . . . . . . . . . 17
Қыял достым . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Жаным еле сағынып турар . . . . . . . . . . 17
Тынлаңызлар . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Бәҳәрдиң туўылыўы . . . . . . . . . . . . . 19
Салы орағында . . . . . . . . . . . . . . . 19
Анамның анасы бар . . . . . . . . . . . . . 20
Қумлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21
Қыябан шөллерге жол түсип атыр . . . . . . . 22
Саҳраның гүллери . . . . . . . . . . . . . . 23
Кийик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 24
Шопан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 25



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамлардың меҳиринен қанып иш . . . . . . . . 26
Жақын мениң жаныма . . . . . . . . . . . . . . . 26
Сонда өт бул қумлардан . . . . . . . . . . . . . 27
Гүллерди көрсең . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Ески аңғар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Баўыр басып қалған ол мәңги . . . . . . . . . . 29
Сағымлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Қарамық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Қызылқум ол қайсарлықтың сүўрети . . . . . . 33
Май гүллери . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
А. Блоктан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Қарыздармыз биз . . . . . . . . . . . . . . . . . 35
Қыз (Поэма) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 35

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Хикметулла Айымбетов**

# СЛУШАЙТЕ

*стихи и поэмы*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редакторы Ө. *Сарсенбаев*
Художник *К. Реипназаров*
Худ редакторы *И. Кыдыров*
Тех редакторы *Б. Өтегенов*
Корректоры *Д. Асқарова*

ИБ 1367

Териўге берилген ўақыты 10/III-1981-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақыты 5/х1981-жыл. Қағаз форматы 70х108$^{1}/_{32}$ Көлеми 1,625 баспа табақ. 2,27 шәртли баспа табақ 1,77 есап баспа табақ. РК 32293 Тираж 3000 Баҳасы 20 т.

„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9

ҚКАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң „Правда" ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. Зак. 192

www.ziyouz.com kutubxonasi